

## PANGAJARAN KAHOIRPAN KULAWARGA SEJAHTERA

### A. MACA

#### Tujuan:

1. Siswa mampu membaca dan memahami isi bacaan serta mampu mengkomunikasikannya secara lisan maupun tertulis.

1. *Maca Wacana Eksposisi*

## KAHIRUPAN KULAWARGA SEJAHTERA

Kahirupan kulawarga sejahtera nya éta kahirupan kulawarga nu aman sentosa, tengtrem lahir batin.

Ukuran kulawarga sejahtera *rélatif*, gumantung kana **falsafah** hirup *individu* atawa kelompok kulawarga masing-masing. Aya kulawarga nu ngarasa sejahtera ku kahirupan sarwa basajan, aya ogé kulawarga nu sabalikna, sejahtera hirupna lamun sagalana geus sarwa *lux* (imah agréng, vila éndah, modél mobil pangahirna, jsté.

Tarékah pikeun ngawujudkeun kahirupan kulawarga sejahtera diantarana ku cara ngalaksanakeun sakumana hal nu aya dina ieu bagan.

Cara ngawangun rumah tangga ku tarékah saperti bieu, insya Alloh baris pinanggih jeung kabagjaan dunya ahérat

2. *Nétélakeun Eusi Bagan*

#### a. Tanggung jawab salaki jeung pamajikan

Tanggung jawab salaki dina QS An Nisa 34, nu hartina :

*“Lalaki éta jadi pamingpin pikeun awéwé, jalarna Alloh parantos maparin kaleuwihan tina nu lian, jeung karana lalaki (salaki) éta méré balanja ka bojona.”*

Salaki téh pamingpin rumah tangga nu kudu enya-nya ngajaga kasalamétan kulawargana, ngadidik, jeung nganapkahan kulawargana dumasar kana kadar kamampuhna.

Rosululloh saw kantos ngawanti-wanti ka umat, *“jaga bojo anjeun sahadé hadéna ulah ditalak, sakuduna anjeun sieun ka Alloh”* (Haekal dina Audah, 1973:31)

Tanggung jawab pamajikan (batur hirup salaki) wajib ngaladénan salaki, hormat, taat, jeung tanggung jawab ngajaga harta banda milik salaki, kaasup ngajaga dirina nu geus jadi banda salaki.

Tugas pamajikan nu nyekel peran ngurus rumah tangga kudu tapis ngeureut neundeun, bisa ngajeujeuhkeun pangala salaki, jeung ngararancang pikahareupeun. Pépéntaan ka salaki kudu disengker, ulah nepi ka ngaleuwihan wates kamampuhna. Lamun perlu riringen bangbaluh salaki, seperti ku cara dagang, narima **jahitan**, tatanén nu tangtuna teu ngaleupaskeun diri tina fungsi ibu rumah tangga (ngurus rumah tangga).

## b. Cara ngaraksa kaséhatan

Hirup bakal karasa éndah lamun lingkungan, jasmani, jeung rohani séhat.

Lingkungan imah jeung sabudeureunana upayakeun kudu raresik, bébas tina *polusi*. Kaayaan imah kudu nyumponan sarat séhat, di antarana aya *véntilasi* (jandéla, liang angin), jamban, jeung cahaya nu cukup caangna.

Cara ngusahakeun kaséhatan jasmani, di antarana bisa ditarékahan ku cara loba nginum, lob olah raga, jeung dahar nu ngadung gizi (4 séhat 5 sampurna –*halalan thoyyiban*). Nyingkahan dahateun nu diharamkeun ku agama, ngarawt awak, jeung mariksakeun kaséhatan awak ka ahlina.

Cara ngusahakeun kaséhatan rohani, di antarana ku cara ngabina karukunan antara kulawarga jeung tatangga, nyempetkeun *rékréasi*, ngusahakeun diri pikeun remen gaul jeung *mualim*, jeung leket ibadah ka Allah.

## c. Cara ngaping anak

Rumah tangga kasinugrahan anak beurat karasana lamun pasangan salaki pamajikan heunteu mampuh ngungkulanana. Anak téh titipan Allah anu dititipkeun ka indung bapana, nu kudu dijaga sakumaha mistina. Sabada Rusululloh saw, “*Rék di Yahudikeun, di –Nasranikeun, atawa rék di –Majusikeun éta anak gumantung ka indung bapana.*” Cohagna, saréat hirup hurip anak leuwih dominan ditangtukeun ku pangraksa, pangrawat, jeung pangapingan kolotna.

Kawajiban kolot lain wungkul mentingkeun jasmani anak, tapi ogé kawajiban ngeusian rohanina.

### 3. Nepikeun Pamadengan perkara Eusi Bacaan

Dumasar wacana “Kahirupan Kulawarga Sejahtera”, **Kahiji** urang diajar ngoméntaran kritik ku alesan nu logis, **Kadua** urang diajar nyawalakeun fakta jeung pamadegan pikeun nyieun kacindekan, jeung **Katilu** urang nyatet gagasan poko eusi bacaan. Tilu hal bieu dilaksanakeun dina wangun soal ieu di handap.

### Jawab ieu soal ku cara nyakra aksara penuduh jawaban.

1. Kulawarga nu aman sentosa, tengtrem lahir batin
  - A. kulawarga sejahtera
  - B. opat séhat lima sampurna
  - C. kulawarga séhat
  - D. amanat Rosululloh
2. *Anak téh titipan Allah anu dititipkeun ka indung bapana, nu kudu dijaga sakumaha mistina. Sabda Rusululloh saw, “Rék di Yahudikeun, di Nasranikeun, atawan rék di- Majusikeun éta anak gumantung ka indung bapan.” Cohagna, saréat hirup hurip anak leuwih dominan ditangtukeun ku pangraksa, pangrawat, jeung pangapingan kolotna.*

Idé poko kalimah bieu.

  - A. ngaping anak
  - B. indung bapa
  - C. dominan
  - D. kolot
3. *Salaki téh pamingpin rumah tangga nu kudu enya-nya ngajaga kasalamétan kulawargana, ngadidik, jeung nganapkahan kulawargana dumasarkana kadar kamampuhna.*

Naon gagasan poko kalimah bieu?

- A. Atikan kujawarga
- B. Pamingpin
- C. Tugas salaki
- D. Kasalametan kulawarga

**Jawab ieu soal !**

- 4. Dina wacana “Kahirupan Kulawarga Sejahtera” disebut tugas jeung tanggung jawab salaki dina ngawangun kulawarga téh leuwih gedé tanggung jawabna ti batan tugas jeung tanggung jawab awéwé.  
Kumaha koméntar urang kana éta lamun dipatalikeun jeung QS An Nisa 34?
- 5. Naon sababna ngala élmu (boh élmu nu ditepikeun ku guru di sakola, boh élmu nu ditepikeun ku guru di masjid) kaasup fkta kagiatan karohanian?

4. *Istilah Paélmuan jeung istilah Patukangan*

**Tujuan:**

- 5. Siswa mampu memahami dan menggunakan kata-kata umum, kata-kata khusus, dan istilah dalam kalimat.

**a. Istilah paélmuan**

Dina wacana di luhur aya kecap *falsafah* dina kalimah :

- “Ukuran kulawarga sejahtera rélatif, gumantung kana **falsafah**, hirup individu atawa kelompok kulawarga masing-masing.”

Kecap *falsafah* téh kaasup istilah paélmuan, nya éta istilah élmu pangawéruh nu ngulik hakékat hirup jeung sagala rupa kajadian ku budi akal.

Istilah paélmuan tangtu loba, luyu jeung lobana ngaran paélmuan. Dina ieu bagian urang diajar istilah paélmuan. Istilah paélmuan nu dimaksud di antarana ieu ditulis di handap.

didaktik	=	élmu perkara ngajar jeung diajar nu méréhah, élmu ngadidik
ékologi	=	élmu hubungan timbal balik antara mahluk hirup jeung kaayaan lingkungan alamna
étika	=	élmu sopan santun, élmu tatakrama, élmu kalemesan budi/moral
filologi	=	élmu perkara basa, kebudayaan, <i>pranata</i> jeung sajarah hiji bangsa sakumaha nua aya dina bahan bahan tinulis
fiqih	=	élmu perkara hukum ibadah Islam
linguistik	=	élmu talaah basa kalayan ilmiah
pranata	=	sistem tingkah laku sosial jeung adat kabiasaan katut norma anu ngatur éta tingkah laku, jeung sakumna pakakasna pikeun nyumponan kabutuhan masarakat; <i>institusi</i> .

**b. Istilah patukangan**

Dina wacana di luhur aya kecap *jahitan* dina kalimah

- Lamun perlu riringen bangbaluh salaki, saperti ku cara dagang, narima **jahitan**...

Kecap *jahitan* téh kaasup istilah nu patali jeung patukangan, nya éta patali jeung tukang ngaput, tukang nyieun baju jeung sabangsana.

Istilah husus patukangan tangtu loba, tapi lain hartina unggal tukang boga istilah husus (patukangan aya nu boga istilah husus aya ogé nu henteu).

Istilah patukangan di antarana ieu ditulis di handap.

bas	=	tukang kai, tukang nyieun imah
bilal	=	tukang adan, ngabéjaan datangna waktu solat
candoli	=	awéwé nu ngajaga jeung méréan sagala rupa bahan dahareun di nu hajat; bendahara awéwé
da'i	=	tukang da'wah
dukun	=	tukang jampé atawa tukang ngubaran nu gering ku cara nu béda jeung cara dokter. <b>Dukun</b> lintuh kasakit matuh, hanas loba méré duidt ka <b>dukun</b> ari cageur henteu.
jalal	=	tukang meuncit munding atawa sato séjénna
kamasan	=	tukang nyieun perhiasan tina emas jeung sabangsana
kuncén	=	tukang tunggu kuburan jeung sabangsana nu nyekel konci lawang, sarta purah ngajajapkeun anu jarah ka dinya.
logojo	=	tukang ngalaksanakeun hukuman pati nu diatur ku pamaréntah
mérébot	=	pagawé kaum purah nakol bedug dina unggal lima waktu
minatu	=	jalma nu pakasabanana nyeuseuh jeung ngistrika pakéan batur ( <i>laundry</i> )
mubalég	=	tukang nepikeun ajaran agama ku lisan di hareupeun jalma réa
nayaga	=	tukang nabeuh gamelan = panayagan
palédang	=	tukang nyieun barang tambaga, saperti sééng, jeung kétéh.
palika	=	tukang teuleum, jalma nu kabel teuleumna (biasana jalma tukang ngala lauk di walungan)
panday	=	tukang nyieun parabot tina beusi, saperti bedog
pamatang	=	tukang moro nu ngagunakeun tumbak.

**Jawab ieu soal ku cara nyakra aksara panuduh jawaban!**

1. Élmun sopan santun, élmun tatkrana, atawa élmun kalemesan budi/moral
  - A. ékologi
  - B. étika
  - C. filologi
  - D. Fiqih
2. Élmun talaah basa kalayan ilmiah
  - A. linguistik
  - B. didaktik
  - C. pranata
  - D. étika
3. Tukang da'wah téh ayena mah seueur ti kalangan *wanita*. Maksudna tukang da'wah sarua jeung...
  - A. merebot
  - B. kuncén
  - C. da'i
  - D. bilal

***Jawab ieu soal!***

4. Para **nayaga** geus siap di luhur panggung rék ngabagéakeun rombongan tamu  
Naon maksud kecap *nayaga* nida kalimah bieu?
5. ku ayana kamajuan téhnologi, tugas **minatu** jadi gampang.  
Naon maksud kecap *minatu* dina kalimah bieu?
  
5. *Babandingan Karya Sastra Klasik jeung Karya Sastra Modérn*

**Tujuan :**

8. Siswa mampu memahami dan membédakan bentuk-bentuk karya sastra (puisi, prosa, drama)

Pikeun meunangkeun gambaran bédana karya sastra klasik jeung karya sastra modérn, urang kudu maca heula éta dua karya sastra. Ku lantaran kitu ieu di handap diébréhkeun pikeu dibaca.

**a. Karya sastra klasik :Wawacan Tuan Syéh Abdul Qodir**

### **PUPUH KINANTI**

Enggalna éta Kang Ibu, nyandak dinar hanteu lami, disimpen dina kampuhna, dina paranti sasari, disimpen dina kélékna, ku Tuan Syéh Abdul Qodir. Kang Ibu lajéng ngadawuh, nyaur ka Syéh Abdul Qodir, duh Kang Putra Ibu Ujang, anak Ibu kangen ati, caang tingal Ibu Ujang, nangtung di jero ati. Gusti wewekas Kang Ibu, poma-poma ulah lali, sing bisa nyandak salira, ulah dék ngagungkeun diri, poma ulah bohong Ujang, éta kasengit Yang Widi. Omat wasiat Kang Ibu, Kang Putra ulah dék kidib, ulah bohong salamina, sing pantrang saumur hurip, ari anu kaduana, amanat Ibu anaking. Hérangna manah Kang Sunu, sing wening putih bersih, lir hérangna ieu dinar, sarta iman ka Yang Widi, tur hurmat ka Ibu rama, guru ratu kitu deui, Sareng sing resep tutulung, ka sasama mahluk Gusti, ka anu katalangsara, ulah hasud ulah dengki, tong hianat ka sasama, sanaos béda agami. Saupama teu ngagang-gu, sanaos séjén agami, ulah dihina basana, pék tuturkeun lacak nabi, jeung para luluhur awak, dina sucina pitigin. Syéh Abdul Qodir umatur, ngarankul barina nangis, ngahelas di jero manah, Ibu jisim kuring amit, Kang Ibu ngahelas manah, ngawalonan bari nangis

(Ditranskip tanggal 2-8-1990

tina naskah Syidina Syéh Muhyi Abdul Qodir Jailani Qodasallohu Sirohul Aziz  
kaca 14-15, koléksi **Bapa Ita Sutadimadja**, Cidadaphilir Bandung)

Ieu dilampirkeun cutatan wawacan Sayidina Syéh Muhyi Abdul Qodir Jailani Qodasallohu Sirohul Aziz kaca 14-15, pikeun bahan babandingan jeung karya sastra modérn.

## b. Karya sastra modérn : Novél

### BARUANG KA NU NGARORA

Caturkeun di bumina Tuan Haji Samsudin geus sasadiaan rék ngunduh mantu. Pasang pétana teu béda jeung di Tuan Haji Abdul Raup, kawantu anu beunghar pada beunghar. Mun di ditu béak sarébu, manéhna gé rék méakkeun sakitu, hayang ulah kacék da puguh mantuna kadoa kolot, katambah Ujang Kusén téh putra kakasih, rék mupugkeun ...Anjeunna geus ulem-ulem kawargi-wargina jeung ka sobat-sobatna neda dipangmapagkeun pangantén sarta sadia baris helaran.

Barang nepi kana poé nu geus ditangtukeun, kira pukul opat soré, karéta, béndi jeung dokar geus rabul ka bumina Tuan Haji Abdul Raup rék ngiring pangantén.

Nyi Rapih jeung Ujang Kusén didangdanan deui sakumaha baréto. Barang geus sadia jung helaran sakumaha adat biasa muter-muter dayeuh. Tapi harita mah teu sabaraha lilana, tuluy balik baé. Ari balikna terus ka bumi Tuan Haji Samsudin baé. Di dinya geus nyampak ondangan mani pinuh, geus puguh anu lalajo.

Saméméh asup ka imah, pangantén disawér heula, métakeun tali patanti adat kabudayaan,. Hiji dukun ngaran Bapa Garsih, ngaleu maca jampé nyawér, bari ngawur-ngawur béas maké konéng, lepit jeung duit, disawérkeun ka pangantén jeung ka nu lalajo, ramé barudak pasedek-sedek parebut duit nepi ka aya nu ceurik.

Barang geus anggeus, tuluy pangantén **diobéng** dibawa asup gék di diukkeun dina korsi hateupeun paturon, nyanghareupan **adep-adep**. Ondang-an geus ngabérés diuk nyanghareupan idangan jeung **pontrang**, maké dikélébétan ku bandéra keteras sarta aya tulisanana kieu: Salamet pangantén Nyimas Rapih jeung Ujang Kusén.

Saméméh prak ngariung Haji Umar nangtung sarta ngomong bédas, pokona, “Kuring kawakilan ku nu gaduh hajat, sateuacan tarung nyuhunkeun rido manah badé maca heula biantara, sareng neda panyaksén réh badé ngadadarkeun piwejang nawiskeun nyaah ka putra!”

Raong anu ngawalonna, “Nyakseni!!”

Geus kitu tuluy karmini, tukang tembang nu kasohor di Pasir, maju ka hareup bari mawa kerétas guguritanana, gék dihareupeun pangantén ngong tembang, pupuhna:

### DANGDANGGULA

Neda maaf ka sadayana wargi,  
miwah sobat anu sami lenggah,  
sinareng neda panyaksén,  
rék kuring bangét maksud,  
ka pun anak hayang mépéling,  
di payuneun sadaya,  
berkah nu kasuhun,  
rék nawiskeun kanyaah,  
ka pun anak anu nembé jatukrami,  
tina séép nya doa.

Wantu-wantu nyorokna ka wargi, ka pecilna pun adi tur sobat, sobat dalit nu sahaté, sakasukakabingung, lir jeung dulur pet ku hinis, ayeuna katalian, ku nyorokkeun **sunu**, nu mawi séép nya doa, mugi-mugi aya berkah kulawargi, panjang-panjang jodona.

Aéh Ujang Ama rék pépéling, tina banget Ama Ibu melang, ka Ujang sok sieun meléng, ku Unjang sing kamaphum, yén Ujang téh geus boga wajib, nya éta pamajikan, tur kadoa sepuh, jadi lain deui pisan, jeung keur Ujang ngan saukur ngurus diri, méméh taya kabeurat.

Kudu mikir beurang reujeung peuting, pikuen ngurus pamajikan awak, ulah kurang dahar paké, parabot imah sing cukup, sjamakna laki – rabi, da mungguh pamajikan, lamun teu kacukup, lumbrah osok marudah, témahna téh sok baruntak laki-rabi, ulah kurang ihtiar.

Geus kapikir jalan laki-rabi, luang lumbrah lantaran batuntah, teu tahan nandang kokoro, sanajan lambat-lambut, mun malarat teu pati rapih, bojo loba tingkahna, nu matak hanjelu, tapi éta henteu salah, da jamakna di awéwé di lalaki, ngan hayang kasenangan.

Anu matak lahir kanjeng Nabi, lamun henteu kuat **maradahna**, leuwih hadé montong baé, bobobo téh perlu, malah-malah ku Kanjeng Nabi, geus diwajibkeun pisan, sakur umat Rosul anu boga pamajikan, wajib méré napakah **tamlík** mas kawin, ambéh awéwé bétah.

Sangkan bisa ngalakonan wajib, manéh kudu bisa balangsiar, ulah ngadelkeun ti kolot, da pamaradah sepuh, taya pétana matak mahi turug-turug manéh mah,eujeung loba dulur, anu diurus ku Ama, jadi ku Ama moal **katangting**, da geus kurang tanaga.

Jeung deulina lamun ti kiwari, Ujang tuman diparadah sepah, geus tangtu nepi ka kolot, moal terbuka kolbu, kana jalan nyiar rejeki, da mungguh kolot téa, moal langgeng hirup, mun Ama geus sah tidunya, tangtu Ujang kapaksa nyiar rejekki, didinya kapanggihna.

Pait peuheur nu nyiar rejeki, lamun manéh kurang pangabisa, geus tinangtu manéh poos, miskin saumur-umur, najan aya titinggal waris manéh mo enya bisa, métakeun sing lulus, sakeudeung ogé geus béak, da teu tuman manéh nya ngurus rejeki, ahir tangtu balangsak

(Disalin tina Baruang ka Nu Ngarora karya **D.K Ardiwinata**, 1914:VIII; doma maslaj aslina aksara **e** saperti dina kecap sarébu henteu maké diaklitik atawa tanda curék di luhur).

*Keterangan :*

maradahna	=	nganapkahan, ngabiayaan kulawarga
tamblik	=	tamlík = parabot nyangu nu dibawa ku pangantén lalaki waktu seserahan
katangting	=	kapigawé ku sorangan
diobéng	=	digéndéng
sunu	=	anak, pecil (basa sedeng tina anak)
adep	=	adep = kuéh pangantén
pontrang	=	wadah idangan tina daun paranti dahareun di nu hajat.

Dumasar kana conto di luhur, bédana karya sastra klasik jeung karya modérn ieu ditepikeun di handap.

**Karya sastra klasik** nya éta karya sastra heubeul nu ajénna luhur ogé langgeng jeung sok dipaké *tolok ukur* ku karya sastra ka béhdieunakeun. Contona wawacan, guguritan, sisindiran, pantun, carita wayang jeung dongéng.

**Karya sastra modérn** nya éta karya sastra nu lahir tina pangaruh karya sastra barat. Contona novél carpon, sajak, jeung drama.

Bédana karya sastra klasik “wacana” jeung karya sastra modérn “novél” diantaranya dibagankeun ieu di handap..

No	Wawacan	No.	Novél
1	Carita panjang nu dianggit maké patokan <b>pupuh</b> .	1	Carita panjang nu ditulis dina Wangun <b>prosa</b> , aya ogé nu kaselapan wangun puisi, saperti novél Barduang ka nu Ngarora
2.	Gelarna dina sastra Sunda ± <b>abad ka 17</b>	2	Lahir sanggeus budaya Sunda aya <b>kontak budaya</b> jeung budaya barat
3.	Baheula sumebarna di masarakat ku cara <b>ditulis</b> leungeun (disaralin)	3.	Nyebarna di masarakat ku cara <b>diterbitkeun</b> .
4.	Aksara nu digunakeunna aksara <b>Arab jeung aksara Jawa</b> . (ayeuna loba nu disalin kana aksara Latén jeung dicitak, dibukukeun).	4.	Aksara nu digunakeun aksara <b>Latén</b>
5.	Ilaharna ngandung unsur <b>pamohalan</b> (teu kaharti ku akal) Contona wawacan <i>Purnama Alam</i> , <i>Rengganis</i> , jeung <i>Ogin Amar Sakti</i>	5.	Caritana dumasar kana carita nu pikahartieun ku akal
6.	Cara macana sok bari <b>ditembangkeun</b>	6.	Cara macana henteu ditembangkeun, sakumaha ilaharna nyarita, kajaba lebah tulisan wangun puisi nu diselapkeun téa.

**Jawab ieu soal ku cara nyakra aksara panuduh jawaban!**

1. Gusti wewekas Kang Ibu, poma-poma ulah lali, sing bisa nyandak salira, ulah dék ngagungkeun diri, poma ulah bohong Ujang, éta kasengit Yang Widi.  
Karya sastra modél kitu kaasup
  - A. karya sastra klasik
  - B. karya sastra pangaruh barat
  - C. karya sastra modérn
  - D. karya sastra asal Arab
2. Wawacan sakapeung mah sok ngandung unsur nu teu kaharti ku akal, béda jeung novél. Novél mah pikahartieun ku akal. Unsur model kitu disebut
  - A. unsur instrinsik
  - B. unsur ekstrinstik
  - C. unsur pamohalan
  - D. unsur sastra
3. Cara maca wawacan jeung cara maca novél béda. Cara maca wawacan mah
  - A. dikawihkeun
  - B. disajakkeun
  - C. dihariringkeun
  - D. ditembangkeun



**Jawab ieu soal !**

4. **Karya sastra modérn** nya éta karya sastra nu ...
5. Upama dititlik tina aya jeung euweuhna pangaruh karya sastra deungeun, guguritan, sisindiran, pantun, carita wayang jeung dongéng kaasup kana karya sastra ...

**B. NYARITA**

**Tujuan :**

12. Siswa mampu mengapresiasi berbagai bentuk, isi, dan jenis karya sastra mendiskusikannya

*Sawala*

Karya sastra (wawacan jeung novél) ngandung unsur téma, palaku, alur, latar, jeung amanat. Éta hal téh hidep sawalakeun jeung batur hidep. Kumaha unsur-unsur bieu dina sempalan wawacan jeung sempalan novél di luhur ?

Lian ti nyawalakeun unsur karya sastra, dina ieu bagian urang nyawalan keun eusi karya sastra dipatalikeun jeung kahirupan sapopoé. Karya sastra nu disawalakeun téh perkara eusi sempalan wawacan jeung eusi sempalan novél nu geus dibawa di luhur.

Ieu di handap ditulis sababaraha hal sawalakeuneu. Naha ieu hal téh masih aya kénéh patalina (*rélevansina*) jeung kahirupan sapopoé jaman ayeuna? Lamun aya sebutkeun aya, lamun euweuh sebutkeun euweuh, tangtuna kudu aya alesanana.

1. Ulah dék ngagungkeun diri, ulah bohong salamina.
2. Hérang manah sarta iman ka Yang Widi
3. Hormat ka ibu rama, guru, jeung ratu
4. Resep tutulung ka sasama mahluk Gusti.
5. Ulah hasud ulah dengki, tong hianat ka sasama, sanaos séjén agama, ulah dihina
6. Nu nikahkeun ulem-ulem ka wargi-wargi sareng ka sobat-sobatna.
7. Pangantén disawér heula, métakeun tali paranti, adat kabudayaan.
8. Sakur umat Rosul anu boga pamajikan, wajib méré napakah, jeung mas kawin
9. Nu geus rumah tangga kudu bisa balangsiar, ulah ngadelkeun kolot
10. Pait peuheur nu nyiar rejeki, lamun kurang pangabisa.

**Jawab ieu soal ku cara nyakra aksara panuduh jawaban**

1. Eusi sempalan wawacan *Sayidina Syéh Muhyi Abdul Qodir Jailani Qodasallohu Sirohul Aziz* di antarana
  - A. Ulah dék ngagungkeun diri, ulah bohong salamina
  - B. Nu nikahkeun ulem-ulem ka wargi-wargi sareng ka sobat-sobat-na
  - C. Pangantén disawér heula, métakeun tali paranti, adat kabudayaan
  - D. Pait peuheur nuy nyiar rejeki, lamun kurang pangabisa.
2. Hormat ka ibu rama, ka guru, jeung ka ratu  
Eusi kalimah bieu kaunggel dina wawacan *Sayidina Syéh Muhyi Abdul Qodir Jailani Qodasallohu Sirohul Aziz*
  - A. Teu kungsi hirup
  - B. dipaké pisan
  - C. jadi babandingan
  - D. ukur jadi kajian

3. Papatah ka pangantén nu ditepikeun dina wangun tembang
  - A. walimah
  - B. ijab
  - C. sawér
  - D. helaran

**Jawab ieu soal!**

4. Numutkeun wawacan *Sayidina Syéh Muhyi Abdul Qodir Jailani Qodasallohu Sirohul Aziz* kudu kumaha sikep urang ka sasama najan béda agama?
5. Sebutkeun genep ciri wawacan!